ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№36 (22.194) ● 2012 гъэм мазаем (февралым) и 29, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adygeale.ru

● Урысей Федерацэм и Президент

Къанокъуэ Арсен Къэрал Советым и зэIущIэм хэтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен хэтащ Къэрал Советым и Президиумым и зэIущIэу УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Чебоксары кьалэм щригъэкIуэкIам. Ар теухуауэ щытащ нэхъ зэфIэкIыщхьэ зиIэ сабийхэмрэ щIалэгъуаэмрэ къэрал дэIэпыкъунымкIэ зэфIэгъэкIыщхьэхэм.

КъЭРАЛ Советым и Президиумым и лэжьакIуэ гупым ягъэхьэзыра доклад убгъуэм кьыдэрыщыгъэпсэгъуэмкIэ, «къэралым егъэджэнымкIэ и Iэнатlэм щызэтеуващ нэхъ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэль сабийхэр къэпсыхьуэ-кьыжьэрыгъэпсэгъэр, щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Iуэхущ1ап1эхэр. Абыхэм кьадэкIуэу, щIыналъэ псоми щагъэзащIэ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэль сабийхэм мыпхукIэ ядэIэпыкъунымрэ ахэр гъэгушхуэнымкIэ программэхэр.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьигъэуващ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэль щIалэгъуаэр къэпсыхьуэнымрэ абыхэм ядэIэпыкъунымкIэ лъэпкь концепцэр щыIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Iуэхущ1ап1эхэр. Абыхэм кьадэкIуэу, щIыналъэ псоми щагъэзащIэ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэль сабийхэм мыпхукIэ ядэIэпыкъунымрэ ахэр гъэгушхуэнымкIэ программэхэр.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьигъэуващ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэль щIалэгъуаэр къэпсыхьуэнымрэ абыхэм ядэIэпыкъунымкIэ лъэпкь концепцэр щыIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Iуэхущ1ап1эхэр. Абыхэм кьадэкIуэу, щIыналъэ псоми щагъэзащIэ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэль сабийхэм мыпхукIэ ядэIэпыкъунымрэ ахэр гъэгушхуэнымкIэ программэхэр.

«Къэралым и къалэныр апхуэдэ зэфIэкI зыбгъэдэль щыхуэхэм дэтхэнэ щIыналъэми зыхуэфащэ Iэмалхэр къащIыхьыжынымкIэ, зэхэщIыкIыщхьэ зиIэхэр ди экономикэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм къыхэщIынымкIэ. Ди къэралым зэкIэлъыкIуэу зиужьын, дунейм пэмс хуэфащэ увыпIэ щиубыдын папщIэ, апхуэдэ лъэкIуэм зэ микъуэкIэ дыхуэныкъуэщ», - къыхигъэщхьэхуэкIащ Президентым.

Къанокъуэ Арсен зэрыжиIамкIэ, «Егъэджэныгъэ» лъэпкь проектым хиубыдэу КъэбэрдейI-Балъкъэрыщ щагъэзащIэ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэль щIалэгъуаэм ядэIэпыкъунымкIэ щIыналъэ программэ. 2006 гъэ лъандэрэ 9 - 11-нэ классэхэм щеджэхэм ящыщу федеральэ, республикэ олимпиадэхэмрэ зэпеуэхэмрэ щытекIуа цIыху 22-м гъэ кьэс саугъэту дэтхэнэми сом мин 15 - 30 хуэхах. Абы кьыдэкIуэу, КъэбэрдейI-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и жэрдэмкIэ ягъэуващ фIы дыдэу еджэщIалэгъуаэм папщIэ стипендие щхьэхуэхэр. Сом мини 2-м кьыщегъэжьауэ сом мини 2,5-рэ хъу апхуэдэ стипендиехэр Урысейм, республикэм щыIэ вузэм щеджэ студенту, аспиранту 200-м щIигъум 2008 гъэ лъандэрэ иратащ.

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхуIащ еджэным, спортым, щIалагъуэ лэжьыгъэм кьыщыщыхьэжаныкI студентхэм, Нобель и саугъэтыр зэгуэр кьахьыфыну ящущыгъэгъуэ щIыныгъэ кьэхутэныгъэхэр зи Iэдакъэ кьыщIэкI аспирантхэм, урысейпсо, республикэ олимпиадэхэм щытекIуэхэм яIущIэну сыт щыгъуэ зэригуапэр. «Дыщалъхуа КъэбэрдейI-Балъкъэрым зэрызиужьыну пыухыкIауэ зэлъытар фэ КъБР-мрэ Урысеймрэ я фIыгъуэм фи щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ зэрыхуэзащIэ-вгъуэйуэрц. Республикэм и унафэщIэхэр фэ кьыфщогугъ гупсысэщIэхэр, зэхуэдэ зэрыдвгъэкIыну Iэмал лъэщхэр кьыхэфIтхъыну икIи экономикэм зегъэужьынынымрэ псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ фхуэфащэ хэфщIыхыну», - щIалэгъуаэм яхуэгъэзауэ апхуэдэу жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апI э.

● Хэхыныгъэ-2012

Лэжьыгъэ псори нагъэблагъэ

Республикэм щыIэфIагъэкI гъатхэпэм и 4-м Урысей Федерацэм и Президентымрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я лЫкIуэ органхэм я депутатхэмрэ зэрыхахынум зыхуэзэхьэныр. КIэух лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым топсэльыхь КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь Атмурзаевэ Ирин э.

- КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм Урысей Федерацэм и Президентыр щыхахкIэ Iэ зэраIэтыну бюллетенхэр игъэхьэзырри, мазаем и кум щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яритыжащ. Апхуэдэу тедзен ящущ муниципалитетхэм я лЫкIуэ органхэм я депутатхэмрэ республикэм и кьуажэ жылагъуэу щым я Iэтащхьэхэмрэ зэрыхахыну бюллетенхэри.

Абыхэм кьадэкIуэу, щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм еттащ Iэ зэраIэтыну бюллетенхэм трагъэуэну маркэ хэхауэ мин 531-рэ. Я бюлетэнкIэ хэхауэ комиссэхэм яIэрыхьа бюллетенхэм хуэдиз мэхъу. Участкэ хэхакIуэ комиссэхэм а маркэхэр яIэрыхьэнущ Iэ щаIэтыным зы махуэ нэхъ рэ мынэхъ мащIа и Iэжу.

Хэхауэ кьыхэзгъэщыну сыхуейщ маркэ хэхахэр зытемыгъэуа, апхуэдэ маркэхэм щыщ Iыхьэр кьызытетхъа бюллетенхэр Iэ зэраIэтэр кьыщапщытэжкIэ кьызэрамылъытэнур.

- Унафэ кьыщащтэкIэ Iэ ямыIэту хэхакIуэ комиссэхэм хэтхэр хагъэхьэну хуитыныгъэ зиIэхэм щыгъуаэ дыщIыт.

- Апхуэдэ хуитныгъэ зиIэр УФ-м и Президентым и кьулыкъым хахын папщIэ ятха кандидатэ зыхъуэщ. Апхуэдэу абы хуитныгъэ иIэщ унафэ кьыщащтэкIэ Iэ имыIэту щIыналъэ, участкэ хэхакIуэ комиссэхэм хэтынур езым дзыхь зригъэза щIыхум къыхихыну пщэрылъ щищIыну.

Унафэ кьыщащтэкIэ Iэ имыIэту хэхакIуэ комиссэм зы кандидатым кьыбгъэдэкIыу хагъэхъэ хъунур зы щIыхущ. Зи кандидатыр езыгъэтха политикэ партым езым кьыбгъэдэкIыу хэхакIуэ комиссэм щIыху хигъэхьэну хуитныныгъэ иIэкъым. Аущ кандидатыр езыгъэтха партыр пропорциональнэ хабзэм тету гъатхэпэм и 4-м екIуэкIыну хэхыныгъэхэм хэхакIуэ зэгухьэныгъэу щыхэтым деж, абы хуитныгъэ егъуэт унафэ кьыщащтэкIэ Iэ имыIэту хэхакIуэ комиссэм хэтынур хигъэхьэну.

Участкэ хэхакIуэ комиссэхэм иджыри сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну къаухъуна?

- Участкэ хэхакIуэ комиссэу 356-м хэтхэм иджыри лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI хэхакIуэхэм я спискэхэр гъэтэмэджэныным и лъэныкъуэкIэ. ХэхакIуэхэр иджыпсту хэхыпIэ участкэм екIуалIэу а спискэм зэрыратхэр къапщытэну, щыуагъэ гуэрхэр къэтхуауэ, ягъэзащIэну. Апхуэдэу Iэ зэраIэт электронкомплексхэр кьызэрагъэсэбэн щIыкIэм теуха тхыгъэхэр ираухьэнущ хэхыпIэ участкэхэм къыщыгъэрагъэпэщыну стенд щхьэхуэхэм.

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм апхуэдэу иубзыхуащ зи нэм имыльагъу хэхакIуэхэм бюллетенхэр езыхэм ятхын папщIэ трафарет хэхаxэр кьыщагъэсэбэныну хэхыпIэ участкэу 193-рэ. Трафаретхэр бюлетенхэм кандидатхэр кьыздэрыщызэкIэльыхьам техуэу дэбзыкIащ, хэхакIуэхэм дамытэ зытращIыну щIыпIэри иIэжу.

- Ижьырей зэманым псалъэмакъ куэд йокIуэкI хэхыныгъэхэр хьэрэмыгъэ хэмылъу, зэIухауэ егъэкIуэкIыным теухуауэ. Иджы къэрал псом кьыщыгъэрагъэпэща хэхыпIэ участкэхэм видеокамерэхэр щагъэув. АтIэ апхуэдэ камерэхэр кьагъэсэбэнурэ Iэ зэраIэтым кIэлъыплъым папщIэ хэхакIуэхэм ящIэн хуейр сыт?

- Абы папщIэ интернетым кьыщыгъэрагъэпэщащ http://webvybory2012.ru. сайт щхьэхуэ. Абы ихьэн папщIэ хэхакIуэхэм социальнэ сетхэм ящыщ кьагъэсэбэн хъунущ. Псалъэм папщIэ, «Фейсбук» сетыр кьэзыгъэсэбэным езым и нэIуасэ Iэнэ щIыхур трекъуэри занщIэу хэхыныгъэмкIэ сайтыр кьыхэIуех. Социальнэ сетхэр кьэзымыгъэсэбэнхэм мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдэу зрагъэтх хъунущ. Абыхэм ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ и лъабжьэм хуэдэу щыIэ «зегъэтхын» Iэнэм трекъуэр, я пощт адресыр, я цIэмрэ паролымрэ иратэнри, аргуэру «зегъэтхын» Iэнэм трекъуэр. Абы и ужькIэ электрон пощтым кьэкIуэну тхыгъэм кьыщыгъэлъагъуэуэ щытынущ адэкIэ сайтым зэрихьэнур. ЕтIуанэу сайтым щихьэкIэ Iэгуэру адресымрэ паролымрэ ятхын хуейщ. Интернетыр кьэзыгъэсэбэн дэтхэнэми нэхъ пасэу итхын хуейщ хэхыныгъэ щекIуэкIыну мазаем кьыгъэсэбэныну Iыхьэхэр. А псори гъатхэпэм и 3-м фIэмыкIыу кьагъэлъэгъуэн хуейщ.

● ТхылъыщIэ

Ижь-ижьыж лъандэрэ

Тхыдэм и гъуэгуанэ кьыхь кьыззпачащ адыгэ лъэпкъхэм, итъэс мминиIым щIигъуащ аxэр щIрыIуэ зэрыхьурэ. Адыгэ лъэпкъхэм (шэрджэсхэм) нэхъ лъэщрэ инрэ исакъым Кавказым, пасэрей адыгэхэм - хьэтхэм, кашкъэхэм, зиxэм - я хъыбар куэд яхьчащ альджэхэм, урымхэм, нэгъуэщI европей лъэпкъхэм къызэранэкIа тхыгъэхэм.

АБЫХЭМ къызэрыхэщыкIэ, шэрджэсхэм я щIыналъэу щытащ Тэман къыщыщIэдзауэ Абазэдакъэ (Абхъазым) нэс - ар ХьфыщIэ Iуфэмкlэ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хъуэгуэгъуэмрэ Москва, Дон Iуфэ Iус Ростов кьалэхэмрэ кьикIа фирмэхэм я унафэщIэр кьэпсэльащ, абыхэм я IэдакъэщIэжIэр зэрылажьэм кьызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ Дистанционнэ егъэджэныгъэмкIэ республикэ центрымрэ кьыззрагъэпэща гъэльэгъуэныгъэр махуитIкIэ екIуэкIащ.

АБы УТЫКУ кьыщрахьащ хэгъэгу зэхуэмыдэхэм щылажьэ Iуэхущ1ап1эхэм кьыщагупсыса, кьыдагъэкIа компьютер, мультимедийнэ, зэрыгараджэ, лабораторнэ, технологие Iэмэпсымэхэр. Аxэр зрагъэльагъуну зэIущIэм кьрагъэблагъат район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, егъэджэныгъэмкIэ кьалэ, район Iуэхущ1ап1эхэм я унафэщIэхэр, егъэджакIуэхэр.

Гъэльэгъуэныгъэр кьыщызэIуахым хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Гертер Иван**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ **Саенкэ Татьянэ**, республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, нэгъуэщIхэри.

«Иджырей школым зэрыщрагъаджэ Iэмалхэр зыфIащэ гъэпсэгъуэныгъэр кьыщызэIуихым, Гертер Иван жиIащ щIыналъэхэм щIэныгъэ зэрыщагъэгъуэт щIыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэIа федеральнэ проектым ипкъ иткIэ, ди республикэм ахъшэшхэ кьыщIэрыхуэуатIыпщыр, ахэр школхэм я мыльку-техникэ лъабжьэр гъэльэщыныкIэ сэбэпышхэу зэрыхьур.

- Мы гъэльэгъуэныгъэри а проектым и зы Iыхьэщ, - жиIащ Гертер. - Мыбы кьедгъэблэгъащ егъэджэныгъэм кьыщагъэсэбэп иджырей технологиехэр кьыщIэзыгъэкI фирмэхэр. Абыхэм я хьэпшIэхэр фагъэпIагъуэнущ, уэрэрилэжьэнур кьывгурагъэIуэнущ, апхуэдэу фызыщIэупщIэн щыIэмэ, абыхэм жэуап кьыщратыну «стIол хуейрейхэр» екIуэжIынущ.

Махуитlкlэ зэхэта зэIущIэм щагъэльэгъэщауэ предмет щхьэхуэхэр щрагъэдж пэшхэр кьыщзэрызэрагъэпэщIэмэпсымэхэр, иджырей компьютер технологиер егъэджэныгъэм кьызэрыщагъэсэбэныр, дистанционнэ егъэджэныгъэ технологиехэр, пщэфIап1эхэм щIэтыр хуей хьэкуэкIэмрэ ьыкъуэкIымрэ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хъуэгуэгъуэмрэ Москва, Дон Iуфэ Iус Ростов кьалэхэмрэ кьикIа фирмэхэм я унафэщIэр кьэпсэльащ, абыхэм я IэдакъэщIэжIэр зэрылажьэм кьызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Iэмэпсымэ телъыджэхэр ягъэлъагъуэ

● Егъэджэныгъэ

Тхыдэм и гъуэгуанэ кьыхь кьыззпачащ адыгэ лъэпкъхэм, итъэс мминиIым щIигъуащ аxэр щIрыIуэ зэрыхьурэ. Адыгэ лъэпкъхэм (шэрджэсхэм) нэхъ лъэщрэ инрэ исакъым Кавказым, пасэрей адыгэхэм - хьэтхэм, кашкъэхэм, зиxэм - я хъыбар куэд яхьчащ альджэхэм, урымхэм, нэгъуэщI европей лъэпкъхэм къызэранэкIа тхыгъэхэм.

АБЫХЭМ къызэрыхэщыкIэ, шэрджэсхэм я щIыналъэу щытащ Тэман къыщыщIэдзауэ Абазэдакъэ (Абхъазым) нэс - ар ХьфыщIэ Iуфэмкlэ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хъуэгуэгъуэмрэ Москва, Дон Iуфэ Iус Ростов кьалэхэмрэ кьикIа фирмэхэм я унафэщIэр кьэпсэльащ, абыхэм я IэдакъэщIэжIэр зэрылажьэм кьызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ.

Апхуэдиз зи инагъ хэкур цIэрыIуэ мыхъункIэ Iэмал иIакъым. Шэрджэсым и гъунапкIэхэр кьыщыгъэльэгъуащ, пасэрей тхыгъэхэм нэмыщI, XIV лIэщIыгъуэ лъандэрэ зэхалъха картэхэм - ахэр я Iэдакъэ кьыщIэжIащ ди хэкумрэ щIэпхьымрэ я тхыдэм щыгъуэзэ зыхуэзащIа щIыху щIэныгъуэхэм. Апхуэдэ картищэм щIигъу щызэхуэхьэсащ Краснодар 2011 гъэм кьыщыдэкIа «Черкесия в картах» тхылъым. Архивхэм, тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыщызэтенами, ахэр хэIущIыIу щыхъуар иджыщ, абыкIэ фIыщIэ зыбгъэдэльыр Германием кьыкIыжауэ Мейкъуапэ щыпсэу щIэныгъэлI Едыдж Батырайщ. Тхылъым щызэхуэхьэса картэхэм я нэхъыбапIэр абы Европэ Къухьэпlэм и архивхэм кьыщигъуэтыжащ. Абыхэм щагъуащ Хьэтткъуэ Самир урысей архивхэм кьыщихута картэхэр - ахэр щызэхалъхьар Урыс-Кавказ зауэм и зэманырщ (епщыкIубгъуэнэ лIэщIыгъуэм).

Тхылъыр яублащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ, абы кIэщIу щыгъуаэ уещI адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ кьакIуа гъэгуанэм, ахэр дуней псом цIэрыIуэ зэрыщыхъуам и щхьэусыгъуэм.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Урысей Федерацэм и Президент

Къанокъуэ Арсен Къэрал Советым и зэIущIэм хэтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен хэтащ Къэрал Советым и Президиумым и зэIущIэу УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Чебоксары кьалэм щригъэкIуэкIам. Ар теухуауэ щытащ нэхъ зэфIэкIыщхьэ зиIэ сабийхэмрэ щIалэгъуаэмрэ къэрал дэIэпыкъунымкIэ зэфIэгъэкIыщхьэхэм.

КЪЭРАЛ Советым и Президиумым и лэжьакIуэ гупым ягъэхьэзыра доклад убгъуэм кьыздэрыщыгъэпсэгъуэмкIэ, «къэралым егъэджэнымкIэ и Iэнатlэм щызэтеуващ нэхъ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэль сабийхэр кьэпсыхьуэнымрэ абыхэм ядэIэпыкъунымрэ кьызэрыщыгъэпсэгъэр инфраструктурэ». Абыхэм ящыщщ ныбжьыщIэ зэчиф1эхэм ядэлажьэ Iуэхущ1ап1э хэхаxэр, зэфIэкI зыбгъэдэль сабийхэм ядэлажьэ центру федеральнэ округхэм кьыщызэрагъэпэщаxэр, щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Iуэхущ1ап1эхэр. Абыхэм кьадэкIуэу, щIыналъэ псоми щагъэзащIэ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэль сабийхэм мыпхукIэ ядэIэпыкъунымрэ ахэр гъэгушхуэнымкIэ программэхэр.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьигъэуващ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэль щIалэгъуаэр къэпсыхьуэнымрэ абыхэм ядэIэпыкъунымкIэ Европэмсо зэгурыIуэныгъэм гъатхэпэм лэжьэн щIедзэри, ВВП-м и зы проценткIэ зэтхьэкъуну кьэралхэм ари хиубыдэнущ, зыхуигъэувыжа кьалэнхэр хуэмыгъэзэщIэжмэ.

ЩIым кьыжьэхуэуну?

- Махуэ зыжьанэ и пкIэ Испаниием и астрономхэм кьахута 2012 дЕ 14 астероидыр сIанэгъэ мазаем ЩIым егъэленуэ гъунэгъу кьыхуэхьунур, кьыжьэхэмыуэ зэблэкIыфмэ, пIалъэ кIыхьыщхькIэ гъунэгъу кьыгъэхьужьнукьым, - жеIэ Пулковэ и обсерваторием и лэжьакIуэ Львов Виктор.

А астероидыр Испанием и Ла-Согра обсерваторием кьигъуэтат мазаем и 23-м. ИужькIэ ар зэрыпэжьым щыхьэт текъуэщ США-м, Франджым, Италием я щIэныгъэлIхэри. Абы и инагъщ метр 40-м щыщIэдзауэ метр 95-м нэс.

ЩIэныгъэлIхэм кьахутар зэтохуэ: 2013 гъэм мазаем и 13-м 2012 дА 14 астероидыр ди ЩIым километр мин 26,9-кIэ пжыжьэу блэпъэтынущ. Ар егъэлеяуэ машIэщ. Геостационарнэ спутникхэм я орбитэм нэхъри нэхъ лъахъщэжщ.

- А астероидым эпымыуэ кIэлъыплъын хуейщ, ар зэрыхуэдгъэфащэм нэхъ гъунэгъуэжу ЩIым кьыбгъэдыхьэнымрэ зыхуэIуа щыIэкъым, - жеIэ Львов Виктор.

ЩIымрэ абыхэр зэжьхэуэныр щIэныгъэлIым ирегъапщэ Тунгусскэ метеоритым и Iуэжьхэм. НэгъуэщIу жыпIэмэ, щынагъуэщхуэ щыIэну кьыпытэркъым.

НОБЕ

l Илъэс 20 и пкIэ Украинэм и президентым и унафэкIэ кьызэрагъэпэщащ а къэралым и Лъэпкъ хъэрш Iуэхущ1ап1э.

l Европэм щагъэлъапIэ зэзэмызэ фIэкIа узримыхьэлIэ узыфхэм я махуэр.

l Мазаем и 29 - гъатхэпэм и 2-хэм Краснодар щекIуэкIынущ XXII Дунейпсо архитектурэ-уухуакIуэ зэхьхьэ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэрытымкIэ, нобэ Налшык пшэ щытелъынущ, хуабэу махуэм градуси 4, жэщым зы градус щыIэнущ. Жэщым машIэу уэс кьесынкIэ хъунущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 43-м, кьыхъэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 53-м.

Хьэуам и псыIагъэр процентти 100-м нэсынущ.

ПIанэнэр зыгъэхъэзырар ГЪУЩIО Зарифи.

Къэбар

Полицэм зэбгреху

Дыгъуасэ Лондон и полицэм зэбгрихуащ Павел щIыхьым и члисэм дежщIэ утыкум щыщIухэр щыщыгъуэу «Лондон убыд» Iуэхур кьыззыгъэпэщащэр.

Лондон и Сити районым и администрацэм кьехъулIащ а чэтэн пщыIэхэр ирахыну хуит зыщI суд унафэ зыIэригъэхьону. АбыкIэ мыарэзыхэр Суд Нэхъыщхьэм тхьэмахуэ кIуам щытхъэусыхат, аршцхьэкIэ зыри кьыкIакъым.

«Лондон убыд» Iуэхур кьыхэтэджьыкIащ «Уолл Стрит убыд» зэщIэхъеенныгъэм. Ар Нью-Йорк кьехьэжьа щыхъуат 2011 гъэм фокIадэм и 17-м икIи нобэр кьызэдэсым США-мрэ Европэмрэ я кьалэ нэхъ инхэм щокIуэкI. ЗыкъызыIэтахэм финансэ Iуэхущ1ап1эхэр ягъэхъуанщэ, дуней псор зыхэхуа гугъуехьхэр абыхэм я щхьэхуещагъэм кьыхэкIауэ кьалъытэу.

Ахъшэ хурикъуакъым

2011 гъэм Испаниием и бюджетым хурикъуакъым ВВП-м и процент 8,51-р. Ар евро мелард 91,344-рэ мэхъу. А бжыгъэр процент 6-м щIигъун хуэмейуэ тращIыхьат.

Бюджетым хуримыкъуа ахъшэр зытращIыхьа мардэм мелард 25-кIэ щIигъуащ. Ар наIуэ хъуащ автономиехэмрэ муниципалитетхэмрэ я бюджетхэр зэрагъэзэщIар кьаращагъэжа нэужь. Псалъэм папщIэ, автономиехэм я бюджетыр ящыкъуат процент 1,3-м щыщIэн хуэдэу, арщхьэкIэ яхуримыкъуар процентти 3-м нахусащ.

Мы гъэм Испанием кьалэн зыщицIыжащ ягъэкIуэщI ахъшэр кьыхэхъуэм процентти 4,4-кIэ фIэкIа щIримыгъэгъну. Бюджетыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъымыкIэ Европэмсо зэгурыIуэныгъэм гъатхэпэм лэжьэн щIедзэри, ВВП-м и зы проценткIэ зэтхьэкъуну кьэралхэм ари хиубыдэнущ, зыхуигъэувыжа кьалэнхэр хуэмыгъэзэщIэжмэ.

ЩIым кьыжьэхуэуну?

- Махуэ зыжьанэ и пкIэ Испаниием и астрономхэм кьахута 2012 дА 14 астероидыр сIанэгъэ мазаем ЩIым егъэленуэ гъунэгъу кьыхуэхьунур, кьыжьэхэмыуэ зэблэкIыфмэ, пIалъэ кIыхьыщхькIэ гъунэгъу кьыгъэхьужьнукьым, - жеIэ Пулковэ и обсерваторием и лэжьакIуэ Львов Виктор.

А астероидыр Испанием и Ла-Согра обсерваторием кьигъуэтат мазаем и 23-м. ИужькIэ ар зэрыпэжьым щыхьэт текъуэщ США-м, Франджым, Италием я щIэныгъэлIхэри. Абы и инагъщ метр 40-м щыщIэдзауэ метр 95-м нэс.

ЩIэныгъэлIхэм кьахутар зэтохуэ: 2013 гъэм мазаем и 13-м 2012 дА 14 астероидыр ди ЩIым километр мин 26,9-кIэ пжыжьэу блэпъэтынущ. Ар егъэлеяуэ машIэщ. Геостационарнэ спутникхэм я орбитэм нэхъри нэхъ лъахъщэжщ.

- А астероидым эпымыуэ кIэлъыплъын хуейщ, ар зэрыхуэдгъэфащэм нэхъ гъунэгъуэжу ЩIым кьыбгъэдыхьэнымрэ щыIэкъым, - жеIэ Львов Виктор.

ЩIымрэ абыхэр зэжьхэуэныр щIэныгъэлIым ирегъапщэ Тунгусскэ метеоритым и Iуэжьхэм. НэгъуэщIу жыпIэмэ, щынагъуэщхуэ щыIэну кьыпытэркъым.

НОБЕ

l Илъэс 20 и пкIэ Украинэм и президентым и унафэкIэ кьызэрагъэпэщащ а къэралым и Лъэпкъ хъэрш Iуэхущ1ап1э.

l Европэм щагъэлъапIэ зэзэмызэ фIэкIа узримыхьэлIэ узыфхэм я махуэр.

l Мазаем и 29 - гъатхэпэм и 2-хэм Краснодар щекIуэкIынущ XXII Дунейпсо архитектурэ-уухуакIуэ зэхьхьэ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэрытымкIэ, нобэ Налшык пшэ щытелъынущ, хуабэу махуэм градуси 4, жэщым зы градус щыIэнущ. Жэщым машIэу уэс кьесынкIэ хъунущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 43-м, кьыхъэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 53-м.

Хьэуам и псыIагъэр процентти 100-м нэсынущ.

ПIанэнэр зыгъэхъэзырар ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Гур маплъэ, нэм елъагъу.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

Iулъхьэ зэрыIэзэпахым, коррупцэм пыща Iуэхухэр зэралежьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманым фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

«Дунейпсо гуманитар хуитыныгъэр щIыдоджыкI: Урысейм, дунейм правовой системэм зэрызыщиужьыр» школакIуэхэм я республикэ конференц егъэкIуэкIыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2012 гъэм мазаем и 21-м Налшык къалэ №28/5-5

2012 гъэм хэхыныгъэхэм я кIыхьэгъэпэщакIуэхэм я профессиональнэ щIэныгъэм хэгъэхъуэнымкIэ хэхыныгъэхэм хэтхэм я правовой зэхэщIыкIыр къэIэтыныжмкIэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм я план зэгуэтым ипкъ иткIэ икIи щIалэгъуалэм правовой щIэныгъэ егъэзгъуэтын, хэхыныгъэ системэм и кIыхэщхьэхукIыныгъэхэм ятеухуа пэщIадзэ щIэныгъэ зэтегъэувэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм унафэ ещI:

1. «Дунейпсо гуманитар хуитыныгъэр щIыдоджыкI: Урысейм, дунейм правовой системэм зэрызыщиужьыр» школакIуэхэм я республикэ конференц Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я Iэщlагъэмрэ щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэнымкIэ и институтым щыIэныгъэ зэрыкъуэныжыр.

2. «Дунейпсо гуманитар хуитыныгъэр щIыдоджыкI: Урысейм, дунейм правовой системэм зэрызыщиужьыр» школакIуэхэм я республикэ конференцым тетуха Положенэзу мы унафэм щIыгъур къэщтэн.

3. Конференцыр егъэкIуэкIыным текIуадэнур къыхэгъэзэкIын хэхакlуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой щIэныгъэм хэгъэхъуэным, 2012 гъэм хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ къызэрыгъэпэщкIэ егъэджакIуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хухиха ахъшэм.

4. Мы Унафэр щIыналъэ хэхакlуэ комиссэхэм яхуегъэхьын, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщl ДЖЭЩI Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я Iэщlагъэмрэ щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэнымкIэ и институтыр арэзы текъуащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2012 гъэм мазаем и 21-м къыдигъэкIа Унафэ №28/5-5-мкIэ къыщтащ

«Дунейпсо гуманитар хуитыныгъэр щIыдоджыкI: Урысейм, дунейм правовой системэм зэрызыщиужьыр» школакIуэхэм я республикэ конференцым тетуха

ПОЛОЖЕНЭ

1. Псори къызэщIэзыубыдэ Iуэхухэр

1.1. КъызэрэпэщакIуэхэр.

«Урысей Жор Плъыжь» урысейпсо жылагъуэ зэгуэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэр ящIыгъуу школакIуэхэм я конференцыр ирагъэкIыжкI Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я Iэщlагъэмрэ щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэныжмкIэ и институтым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым.

1.2. Зэпеуэр зыхуэунэтIа мурадкэр.

- еджакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, курыт школхэм я унафэщIэхэм я гулыт-тэр гуманизмым и фIыгъуэхэмрэ дуейпсо гуманитар хуитыныгъэм и мардэхэм лъабжьэ яхуэхъуа хабзэхэмрэ яхуэунэтIыныр;

- «Дунейпсо гуманитар хуитыныгъэм теухуа щIэныгъэхэм УФ-м и курыт еджапIэхэм зыщегъэбгъуныр» зэрыграгъадзэ программэм ипкъ и мыхьэнэм жылагъуэм гу льегъэтэныр;

- егъэджакIуэхэм, жылагъуэм я гулыт-тэр хэхыныгъэмкIэ правэм, граждан жуэлитыныгъэм, цIыху псоми яхуэгъэза хуитыныгъэхэм хуэунэтIыныр;

- еджакIуэхэм я правовой зэхэщIыкIыр хэзыгъэныр.

1.3. Конференцым хэтынухэр.

Конференцым хэтыну къарагъэблагъэ 8 - 11-нэ классхэм щIэсхэм ящыщу:

- педагогхэм я унафэм щIэту МККК-м и тхыльхэмкIэ еджахэр;

- МККК-м и тхыльхэмрэ дунейпсо гуманитар хуитыныгъэхэмкIэ лэжьыгъэхэмрэ езыр-езыру щыгъуазэ зызыщIахэр;

- езыр-езыру е педагогхэм я унафэм щIэту зэхыныгъэмкIэ хуитыныгъэмрэ граждан хуитыныгъэмрэ щыгъуазэ зыхуэзэщIахэр.

Хуагъэува темэхэмкIэ тхыгъэхэр езыр-езыру е щIэныгъэ унафэщIхэм ящыгъуу ягъэхъэзыр хъунущ. ЩIэныгъэ унафэщIу щытыну хуитыр:

- курыт еджапIэхэм я педагогхэр;

- сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн щагъэгъэгъуэт Iуэхущlапlэхэм я педагогхэр;

- еджапIэ нэхъыщхьэхэм я егъэджакIуэхэр.

2. Конференцыр зэрагъэхьэзыр, зэрырагъэкIуэкI щIыкIэр

2.1. Лъэхъэнэхэр

Конференцыр лъэхъэнэ зыбжанэу зэпыудауэ ирагъэкIуэкI:

- зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэу;

- хэтынухэр къыщыхах лъэхъэнэу;

- кIэух лъэхъэнэу.

Зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм хеубыдэ:

- «Дунейпсо гуманитар хуитыныгъэр щIыдоджыкI: Урысейм, дунейм правовой системэм зэрызыщиужьыр» конференцым тетуха Положенэр зэхьэзыхьэныр;

- республикэм и егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ а Положенэм щыгъуазэ щIыныр;

- къызэгъэпэщакIуэ комитетыр убзыхуныр;

- конференцым хэтынухэм заявкэхэр къеIыхыныр;

- унафэщIэхэм чэнджэщхэр етыныр.

Зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэр 2011 гъэм и гъатхэпэм - мазыкьыхьым йокIуэкI.

Хэтынухэр къыщыхах лъэхъэнэм хеубыда:

- эксперт комиссэ къызэрэпэщыныр;

- къагъэхьа материалхэр тхыныр;

- къагъэхьа материалхэм эксперт комиссэм хэтхэр хэпльэныр, конференцым къыщыпсэлъэнэхэм я лэжьыгъэхэр кхьихэныр.

КIэух лъэхъэнэр Налшык къалэм КъБКъУ-м егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я Iэщlагъэмрэ щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэныжмкIэ и институтым щрагъэжьакI. Кхьахха лэжьыгъэхэр зыгъэхьэзырахэр конференцым кърагъэблагъэ. Абыхэм конференцым докладхэр щащI, я лэжьыгъэхэр утыку къыщралъхьэ икIи абыхэм щытопсэлъыхь щыху кущ кьрихьэлIэу къызэрагъэпэщ зэIущIэм.

Къэпсалъэхэм ящыщу дэтхэнэми зэману хухахьр дакъикъи 10-м щIимыгъущ.

2.2. Конференцым кърикIуахэр къызэрапщытэж щIыкIэр:

Конференцым хэтын папщIэ зи jэжьыгъэхэр кхьихахахэм дипломхэр иратынущ. Зи лэжьыгъэр нэхъыфIу кьалъытахэр хэхауэ ягъэпажэнущ.

2.3. Конференцым хэтын папщIэ заявкэхэр зэратхыр

Заявкэм къыщагъэлъагъуэ:

Конференцым хэтынум и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр

ЕджапIэр

Классыр

Зыжэтыну унэтIыныгъэмрэ секцэмрэ Лэжьыгъэм зэреджэр

Конференцым хэтыр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэм и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр

ЗэрызыпыщIэну телефоныр

e-mail:

Конференцым хэтым щIидза Iэр

ЕгъэджакIуэм щIидза Iэр

2.4. Эксперт комиссэм хэтхэр

Конференцым хэтынухэм я тхыгъэхэр кхьыхэзых эксперт комиссэм хагъэхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, КъБКъУ-м егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я Iэщlагъэмрэ щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэнымкIэ и институтым, КъБКъУ-м и нэгъэущI Iэнатlэхэм, Жор Плъыжьым и дунейпсо комитетым и республикэ, кьалэ кудамэхэм я лэжьакIуэхэр.

3. Эксперт комиссэм ират материалхэм яIэн хуей щытыкIэр

3.1. Ирагъэдж дисциплинэхэм ящыщу къэхутэныгъэр зыхиубыдэр:

- литературэр (урыс, нэгъуэщI къэрал, лъэпкъ);

- тхыдэр;

- правэмрэ жылагъуэ щIэныгъэмрэ;

- дунейпсо художественнэ щэнхабзэр, гуэзаджэр.

Къэхутэныгъэм и унэтIныгъэр: ЯпэкIи УНЭТIЫНЫГЪЭ. Дунейпсо гуманитар правэр.

1.1 секцэ. Дунейпсо гуманитар правэр зэрызэтеувамрэ зэрылажьэмрэ дуейпсо, урысей тхыдэм къызэрыкIыр.

1.2 секцэ. Дунейпсо гуманитар правэр литературэмрэ тхыгъэджэмрэ кьызэрызэщIыр.

ЕТIУанэ УНЭТIЫНЫГЪЭ. Граждан хуитыныгъэр.

2.1 секцэ. Граждан хуитыныгъэм и мардэхэр зэрызэтеувамрэ зэрылажьэмрэ дунейпсо, урысей тхыдэм кьызэрызэщIыр.

2.2 секцэ. Граждан хуитыныгъэм и мардэхэр литературэмрэ гуэзаджэмрэ кьызэрызэщIыр.

ЕЩанэ УНЭТIЫНЫГЪЭ. ХэхыныгъэмкIэ хуитыныгъэр.

3.1 секцэ. ХэхыныгъэмкIэ хуитыныгъэмрэ хэхыныгъэр Урысей Федерацэм, нэгъэущI къэралхэм зэрыщыгъэкIуэкIымрэ.

5 - 8-нэ классхэм папщIэ къыдагъэкIа «Уи хъуреягъкIэ - дунейр...» тхылъым ит тхыгъэхэр къамыгъэсэбэлъмэ нэхъыфIщ. Зэпкърыхьн хуейр конференцым кьыщIэзт Iуэхуэхэм нэхъ е щIыпIа художественнэ литературэщ.

3.3. Лэжьыгъэхэм я щытыкIэн хуеймрэ къэпсалъэныгъэхэмрэ

3.3.1. Тхыгъэхэр зэрыбкIэ тедзауэ, апхуэдэу электрон теплъэ яIэу, я кьыщIэдзапIэм лэжьыгъэр зытхамрэ щIэныгъэ унафэщIымрэ я щIэхэр, я унэцIэхэр, я адэцIэхэр, еджапIэм и адресымрэ абы зэреджэмрэ, классыр, зэрызыпыщIэ хъуну телефоныр тетхауэ щытын хуейщ.

3.3.2. Материалхэр тредзэ икIи электрон теплъэ яIэу ягъэхьэзыр Power Point Microsoft Office программэмкIэ. Тхыгъэр напкIэуцI 15-м щIимыгъуу (14-нэ шрифткIэ къэщыпауэ, сатыр зэхуэдизым дэпь интервалыр 1,5-рэ, ибгъуэхмкIэ сантиметри 2 кьаназу) щытын хуейщ. Ахэр тхыгъэ кьыщрахьэкIэ сурэтхэри кьагъэсэбэн хъунущ.

Пажьыгъэм фIэкIыпIэ имыIэу кьыхэщын хуейщ:

- къэхутэныгъэр зыхуэунэтIа мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ;

- къагъэсэбэпа лэжьыгъэхэм я анализыр;

- доклад нэхъыщхьэр;

- кьыхэхьипхъэ дерсхэр;

- къагъэсэбэпа лэжьыгъэхэм я спискэр.

Къэхутэныгъэ мыхьэнэ зыхэмылъ лэжьыгъэхэр кьыIахыркьым, сыту жыпIэмэ, ахэр конференцым теуха положенэм кьеэзгъыркъым. Хэпльэн папщIэ рефератхэр кьыIахыркъым.

3.3.3. Къэпсэлъэныгъэхэр доклад щIыкIэу (напэкIуэцI 5-м щIимыгъэкIэ зрагъэхьэзыр икIи утыку кьыщралъхьэкIэ компьютерэхри кьагъэсэбэн.

Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ Iэнатlэм и щIыналъэ Iуэхущlапlэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кьет

2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иIа социально-экономикэ щытыкIэр

Социально-экономикэ бжыгъэ нэхъыщхьэхэр

	2011 гъэм и яп кварталым	2010 гъэм и яп кварталым елытауэ 2011 гъэм и яп кварталым проценткIэ	2009 гъэм и яп кварталым елытауэ 2010 гъэм и яп кварталым проценткIэ
Промышленностым и лэжьыгъэр	-	100,2	103,1
Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр, сом мелуан	27764,4	109,0	110,0
Автомобиль транспортkIэ хьэпльэу ягъэIэпхьуар, тонн-километр мелуан	98,7	94,6	105,2
Связым и Iуэхутхьэбзэхэр, сом мелуан	3420,1	86,4	114,6
Розницэ сатур, сом мелуан	73236,4	106,7	106,3
ЩIыхухэм пщIэкIэ Iуэхутхьэбзэу хуащIар, сом мелуан	16743,1	105,5	104,8
«Уэхэныгъ» лэжьыгъэ лIэужьыгъуэкIэ зэфIагъэкIар, сом мелуан	5382,7	122,7	70,4
ПсэупIэ унэу ахъэзыр ящIар, метр зэбгъуэзнатIэ мин	271,8	102,9	103,4
ЩэхуакIуэ уасэхэр зэрыхъуар, процент	106,7	110,4	108,7
Промышленностым и товархэр кьыщIэзыгъэкIхэм ягъэува уасэхэр, процент	112,0	116,1	119,1
Итэжьыпэкlэ кьыщIэкIым тещIыхьауэ ахъшэ хэхъуэр	-	100,0	103,2
Ику иту зы лэжьакIуэм хуатха мазэ лэжьапщIэр (кьырычт Iуэхумышин зезыхьэ Iэнатlэхэри хэту):	-	-	-
номинальнэу	12493,9	111,0	108,2
итэжьыпIэкlэ кьыщIэкIым тещIыхьауэ	-	100,2	99,8
Лъэхъэнэм и кIэм ирихьэлIэу лэжьапIэ ямыIэу официальнэу ятхаэм я бжыгъэр, цIыху мин	9,5	79,6	95,4

2012 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрстатым **Статистикэмкlэ и регистрым** организацэу, абыхэм я филиалуе я Iэнатlэ пыгъэщхьэхукIауэ 12280-рэ итащ.

Статистикэ регистрым ит организацэхэм я зэхуэдитIым щIигъур опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэшIыпхэр, цIыхум езым и щхьэкIэ кьитхъэсэбэн Iэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж Iэнатlэм (процент 22,4-рэ), сырьем елъэкI Iэнатlэм (процент 13,3-рэ), мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я Iэнатlэхэм (процент 10,6-рэ), ухуэныгъэм (процент 8,7-рэ) щыIащ.

Хозяйствэ зезыхьэ субъектэ 8933-р (учетым ита псоми я процент 73,4-р) унейщ. Абыхэм ящыщу нэхъыбэ щыIэщ опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэшIыпхэр, цIыхум езым и щхьэкIэ кьитхъэсэбэн Iэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж Iэнатlэм (процент 27,7-рэ), сырьем елъэкI Iэнатlэм (процент 16), мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я Iэнатlэхэм (процент 13,4-рэ).

2011 гъэм **промышленностым и продукцэр** 2010 гъэм елытауэ процент 100,2-рэ мэхъу, абы щыщу хьугъуэфIыгъуэхэр кьыщIэзыгъэ промышленностым и продукцэр процент 619-м, сырьем елъэкI Iэнатlэм - процент 98,8-м, электрокъарур, газыр, псыр кьызыгъэ, тезыгъуэ Iэнатlэм - процент 108,2-м нагъэсащ.

ЩIым щIэлъ хьугъуэфIыгъуэу кьыщIахьым хуэдэ 1,6-кIэ кIэрыхуащ, щIыдагъуэ кьыщIашыр хуэдэ 1,8-кIэ зэрагъэмэщIам кьыхэкIыу.

Сырьем елъэкI Iэнатlэхэм я продукцэм щIыкIэрыхуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр фадэу кьыщIагъэкIыр мащIэ зэрыхьуарщ. Абыхэм псоми продукцэу ящIар 2010 гъэм елытауэ хуэдэ 1,5-кIэ нэхъ мащIэщ.

Электрокъарур, газыр, псыр къэзылэжь, тезыгъуэ предприятхэм я продукцэм процент 8,2-рэ кьызэрыщIигъуар кьыпэкIуащ электрокъаруэ процент 8,8-кIэ, хуабэу процент 6,3-кIэ нэхъыбэ кьызэралъхьам.

2011 гъэм «**Уэхэныгъэ**» Iэнатlэм ехьэлIауэ сом мелуани 5382,7-рэ я уасэ е абы яIэ ита ильэсым елытауэ процент 122,7-рэ ирагъэкIуэкIащ.

2011 гъэм **псори зэхэту псэупIэу** метр зэбгъуэзнатIэ мин 271,8-рэ хьэзыр ящIащ. 2010 гъэм елытауэ ар процент 2,9-кIэ нэхъыбэщ. Кьуажэхэм псэупIэ унэу метр зэбгъуэзнатIэ мин 66,6-рэ хьэзыр щащIащ, ар 2010 гъэм елытауэ процент 18,8-кIэ нэхъ мащIэщ. ПсэупIэу хьэзыр хьуа псоми ящыщу метр зэбгъуэзнатIэ мин 235,7-р е хьэзыр хьуа псэупIэхэм я процент 86,7-р щыIар уней ухуэныгъэ езыгъэкIуэкIахэрщ.

КьызэрабжамкIэ, **мэкъумэш продукцэ** къэзылъхьэ псоми 2011 гъэм мэкъумэшхэкIыу сом мелуан 27764,4-рэ и уасэ е 2010 гъэм елытауэ процент 109-рэ кьалэжьащ.

Мэкъумэш Iэнатlэм щылажьэхэм ящыщу процент 20-р мэкъумэш организацэхэрщ, процент 48-м нэблагъэр уней хозяйствэхэрщ, процент 32-м щIигъур мэкъумэшышIэ (фермер) хозяйствэхэрщ щхьэзакъуэхэрыгъэтыщIэхэмрэщ.

Мэкъумэш Iэнатlэм пырытхэм 2010 гъэм елытауэ ягъэабэ гъавэу, джэшхэкIыу, сэхуману, кIэртIофу, хадэхэкIыу нэхъыбэ кьрахьэлIащ. Псори зэхэту гъавэу тонн мин 739,9-рэ (зэпадзу яшэчыжа нэужь) е 2010 гъэм елытауэ процент 14,7-кIэ нэхъыбэ, сэхуману тонн мин 45,6-рэ (процентри 3,1-кIэ нэхъыбэ), кIэртIофу тонн мин 238,8-рэ (процентри 5,6-кIэ нэхъыбэ), хадэхэкIыу тонн мин 346,2-рэ (процентри 2,2-кIэ нэхъыбэ) Iуахьыжащ.

Гъавэу зэщIакъуэжам и процент 56,6-р, сэхураным и процент 54,5-р, фермерхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычтыщIэхэмрэ кьалэжьащ, кIэртIофым нэхъыбапIэр (процент 67,5-р) унагъуэхэм, хадэхэкIым и процент 46,1-р фермерхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычтыщIэхэмрэ, процент 38,3-р унагъуэхэм ягъэкIащ. Псори зэхэту гъавэм и процент 42,1-р, сэхураным и процент 45,3-р, кIэртIофым и процент 7,5-р, хадэхэкIэм я процент 15,6-р мэкъумэш организацэхэм кьалэжьащ.

Iэщ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм, кхъуэм нэмыщI, я бжыгъэм 2011 гъэм республикэм и хозяйствэ псоми щыхэхьауэ икIи быдымыр мин 265,1-рэ (2010 гъэм елытауэ процент 108,7-рэ), абы щыщу жэмхэр мини 129-рэ (процент 114,6-рэ), кхъуэр мин 56,5-рэ, (процент 99,3-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ мин 385,6-рэ (процент 113,1-рэ) хьуащ.

ЦIыхухэм я уней щIапIэхэм щаIыгъщ быдымым и процент 69,4-р, жэмхэм я процент 71,1-р, кхъуэм и процент 16,1-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 54,8-р.

2011 гъэм мэкъумэш организацэхэм я быдымым 1 процент (2010 гъэм - процент 0,9-рэ), кхъуэм процент 12,2-рэ (2010 гъэм - процентри 10,7-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ процент 0,4-рэ (2010 гъэм - 1 процент) хэлIыкIащ. Iуэхущlапlэну 100-м ятещIыхьауэ къапщтэмэ, щынэрэ чыцIу процентри 2,2-кIэ нэхъыбэ, шкIэуэ процентри 6,6-кIэ нэхъ мащIэ, кхъуэ шыру процентри 10,1-кIэ нэхъ мащIэ кьыщIагъэхьауащ.

106,7-м (зэрыщыту Урысейм процентри 106,4-м) нэсу заIэтащ. ПщIэкIэ ялэжь Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр процентри 9,5-кIэ (Урысейм - процентри 8,7-кIэ), ерыскъыпхьэхэр процентри 5,3-кIэ, (Урысейм - процентри 3,9-кIэ), ерыскъыхэкIыу щымыт товархэр процентри 6,7-кIэ (Урысейм - процентри 6,7-кIэ) нэхъ лъапIэ хьуащ.

Ерыскъыхэ кIэм ящыщу илъэсыр кьызэрыунэхур-рэ нэхъ лъапIэ хьуащ лымрэ джэдкъазымрэ, пхъэщхьэмыщхьэм, мэракIуэм кьыхэщIыкIа консервхэр, лы консервхэр, крупанрэ джэшхэкIэмрэ, тхъуПынэр, маргарининыр, щIакъуэр, щIакъуэхэкI зэмылIужьыгъуэхэр, фаддр, майонезыр, нэкулъхэмрэ IэфIыкIэхэмрэ, кхъуейр, шейр, кофер, бдзэжьейр, сэхуран дагъэр, щыгъур, шэр, гъэшхэкIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Я уасэхэм кIэрыхуащ хадэхэкIэм, кIэртIофым, фошыгъэм, пхъэщхьэмыщхьэм, цитрус кьэкIыгъэхэм, макаронхэкIхэм, хьэжьыгъэм, крупанрэ, джэшхэкIэм.

Ерыскъыгъуэхэм хэмыхьэ товару зыкIэпыплхэм ящыщу илъэсыр кьызэрыунэхуэ нэхъ лъапIэ хьуащ ювелир хьэшIыпхэр, дизель гъэсынпхъэр, тутыныр, зэрыжьыщIэ-зэрытхъэщIэ хуэIуэхущlэхэр, автомобилым ирагъахьуэ бензиныр, ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэр, тхылъымпIэм кьыхэщIыкIа хьэшIыпхэр, щэкIыр, щэкI зэIущам кьыхэщIыкIа щыгъэныр, щыгъныр, хущхъуэхэр, печатым и продукцэр, парфюмер-косметикэ хьэшIыпхэр, уиэтащIэр, автомобиль псынщIэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЦIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу мы гъэм зи уасэхэм хэхьуахэм ящыщщ **правовой Iуэхутхьэбзэхэр**, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр, зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэр щанI Iуэхущlапlэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр, сервисым, цIыхабзэ, медицинэ, санаторэ-курорт Iуэхущlапlэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр, унагъуэ Iуэхутхьэбзэхэр, нэгъуэщI къэрал туризмыр кьызэрыгъэпэщхэм, пассажир транспортым я Iуэхутхьэбзэхэр.

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и кIэухым хуэзэу республикэм и экономикэр зыхэта гугъуехьхэм ящыщщ **щыIуэхэм я Iуэхур**. Организацэхэм кьалэн зыщащIыжахэмкIэ щIыхуэу ятелъар сом мелуан 3830,1-рэ е щыIуэу псоми я процентри 10,6-рэ хьууэ щытащ. Зи пшыныжьыгъэ пIалъэр икIа щIыхуэ псоми ящыщу кредитор щIыхуэр процент 96,8-рэ, банкхэм я кредитхэмрэ заемхэмкIэ щIыхуэр процентри 3,2-рэ мэхъу.

Зи пшыныжьыгъэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэу 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и кIэухым сом мелуан 3706,5-рэ щащI. Зи пшыныжьыгъэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэ псоми я зэхуэдитIым щIигъур (процент 77,5-р) кьыхуарагъэща продукцэм, ирагъэщIа лэжьыгъэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм ящыщу кьатенарщ.

Зи пшыныжьыгъэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэу 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и кIэм ирихьэлIэу сом мелуан 2390,3-рэ щащI. Зи пшыныжьыгъэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэм и процент 83,6-р хуарагъэща товархэм, хущIа лэжьыгъэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэу щэхуакIуэхэм ящыщ кьрамытыжащ.

ЦIыхухэм псори зэхэту **кьаIэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр** 2011 гъэм сом мелуан 127692-м нэсащ икIи блэкIа илъэсым елытауэ процентри 10,4-кIэ нэхъыбэщ.

2011 гъэм дэтхэнэ цIыхуми ику иту хэхъуэу мазэ къэс сом 12381-рэ кьыIэрыхьащ.

КъыщIэкIым тещIыхьауэ кьащIэтэмэ, ахъшэ хэхъуэхэр (фIэкIыпIэ зиныкъо щIэныгъэ зэрыгъэкIауэ, щэхуакIуэ уасэхэм зэрызахъуэжьыр кьэлъытауэ) 2010 гъэм зэрыщытам хуэдэу кьэнащ.

Социальнэ ахъшэр хэмыту, 2011 гъэм (хьэрычэт Iуэху мыиным и Iэнатlэри хиубыдэу) **лэжьакIуэхэм ику иту хуатх улахуэр** сом 12493,9-м и нэсащ икIи 2010 гъэм елытауэ процент 11-кIэ нэхъыбэ хьуащ. Мы щIэкIым тещIыхьауэ кьащIэтэмэ, курыт лэжьапщIэр (хуатхыр) процент 0,2-кIэ нэхъыбэ хьуащ.

2011 гъэм лэжьапщIэр финанс Iуэхуэхэм пыщIа организацэхэм щыпхэх ину, фэ, фэм кьыхэщIыкIа лъэпщIапхэр, вакъэ кьыщIэзыгъэкI Iуэхущlапlэхэм щынэхъ мащIэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIуэхэр лэжьапIкIэ кьызэзыгъэпэщ и органхэм 2011 гъэм дыгъэгъэзэм и кIэухым ирихьэлIэу **лэжьапIэ ямыIэу** официальнэу щIыху мини 9,5-рэ щатхащ. ЗэрылжьапIэнщэм кьыхэкIыу ахъшэ кьратыну хуитыныгъэ яIащ щIыху мини 8,5-м.

КъБР-м ЩIыхуэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыныкIэ и кьэрал комитетым 2011 гъэм и дыгъэгъэзэ мазэм кьрифыбдэу щIыху лэжьапIэщIэу мин 1,9-м зыкьыхуагъэзащ лэжьапIэ кьагъуэтынымкIэ ядэIэпыкъуну кьэлъаIуэу. Абыхэм ящыщу щIыху мин 0,6-м, 2010 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм елытауэ хуэдэ 4-кIэ нэхъыбэщ лэжьапIэ (эхъуэ кьызыпахьи Iэнатlэ) кьагъэтащ.

Роспотребнадзорым и ЩIыналъэ управленэу КъБР-м щыIэм кьызэритамкIэ, 2010 гъэм елытауэ 2011 гъэм **эпидемиологие щытыкIэр** нэхъ тIкIыщ, грипп зэфыкIэр хуэдэ 13,4-кIэ нэхъыбэ зэрыхьуам кьыхэкIыу. Абы кьыдэкIуэну нэхъ мащIэ хьуащ уз зэрыщIалэ зэмылIужьыгъуэхэр - скарлатинэр (процент 59,4-кIэ), сальмонеллезыр (процент 22,6-кIэ), ныбджэ узыр (процент 18,1-кIэ) зэфыкIэр. Илъэсым псори зэхэту сымаджэу ятхар щIыху мин 85,1-рэ мэхъу, 2010 гъэм елытауэ ар процент 26,3-кIэ нэхъ мащIэщ.

Уз зэрыщIалэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу щIыхуэм нэхъыбэу кьеуэлIащ тэмакъ-вирус уз зэрыщIалэр (процент 88,3-рэ).

КъБР-м щыIэ МВД-м кьызэритамкIэ, 2011 гъэм ялэжьа щIэпхьаджагъэ 8285-рэ ятхащ (2010 гъэм - 9315-рэ). Абыхэм ящыщу процент 30-м щIигъур щIэпхьаджагъэ хьэлъэзэрщ, щхьэцыдэхэрщ. 2010 гъэм елытауэ щIэпхьаджагъэ хьэлъэзэр процентри 10-кIэ, щIэпхьаджагъэ хьэлъэ дыдэхэр процент 18,1-кIэ нэхъ мащIэ хьуащ.

2011 гъэм щIэпхьаджагъэ зылэжьагъэ цIыху 3406-рэ сэтей кьащIащ. ЩIэпхьаджагъэхэм ящыщу уголовнэ жэуапым цIыху 3150-рэ ирашIэлIащ.

2011 гъэм кьриубыдэу хабзэншагъэ зылэжьахэм ящыщу процент 53,5-р сэтей кьащIащ. 2010 гъэм ар зэрыхьуу щытар процент 51,7-рэщ.

2010 гъэм Урысей псом цIыхухэр кьызэрыщIыхатхыкIам зэкIэ кьрикIуахэм тету кьызэральытэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и I-м ирихьэлIэу цIыху исар мин 859-рэ мэхъу, 2011 гъэм и щIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм республикэм кьалъхьуауэ 11792-рэ, лIауэ 7460-рэ щатхащ, 2010 гъэм и щIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм кьалъхуахэр 11461-рэ, лIахэр 7349-рэ хьууэ щытащ.

2011 гъэм и щIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм ЗАГС-м и органхэм нэчых 6639-рэ ятхащ, 2010 гъэм и щIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм нэчыхьэ ятхауэ щытар 6463-рэщ. ЗэбгъэдэкIыжхэм я бжыгъэм процент 13,4-кIэ хэхъуащ икIи 2400-м нэсащ. Республикэм щатха нэчыхьэм ящыщу 1000-м тещIыхьауэ 362-рэ якъутэжащ, 2010 гъэм и щIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм я бжыгъэр 328-рэ хъуэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрстат.

Хозяйствэ псоми Iэщlэжьыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къыщалъхьэжащ:

	2011 гъэм и яп кварталым	
	тонн мин	2010 гъэм и яп кварталым елытауэ, процентkIэ
Лыуэ (яуКIын папщIэ ягъэшха Iэщlымрэ джэдкъазымрэ зэрыпсэуэу щэнаущ)	82,0	113,8
Щыуэ	405,8	109,8
Джэдкъ IуэхуI, мелуан	174,9	104,0

Лъэпкъ тхыдэр зи уэрэд 70

Сонэ Абдулчэрим Кьадир и къуэр Бахьсэн куейм щыщ Къулыкъушхо Йпщэ жиІауэ 1942 гъэм мазаем и 28-м. Къуажэ курыт еджапІэр кьнуэ нэужь, 1961 - 1964 гъэхэм Налшык станкозаводым щылэжьащ.

1965 - 1970 гъэхэм Абдулчэрим Къ.БКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щеджащ. 1970 - 1972 гъэхэм «СКЭП» заводым и социологыр, нужьыІэ къэралщэхухэр печатым мыгъэкІуэнымкІэ КъБАССР-м и Управленэм редактору, «Нарт» тхылъ тедзапІэм и унафэщІу лэжьащ. 2006 гъэ лъандэрэ «Нур» журналым и редакцэм щолажьэ.

Абдулчэрим уэсэ тхыным пасэу дихьхащ. Нэгъуэщі лъэпкъхэм я усакІуэшхуэхэм я Іэдакъэщіэкіэхэр адыгэбзэкІэ зэриздзэкІащ. Псалъэм папщІэ, Пушкин Александр, Евтушенкэ Евгений, Кулиев Къайсын, нэгъуэщІхэм я уэсэхэр.

Сонэм и гушІэ хилъхьащ школым зэрыщрагъаджэ тхылъхэр зэхэлъхьэнми. Абы адыгэбзэкІэ зэриздзэкІащ 1 - 3-нэ классхэм математикэр зэрыщрагъэдж тхылъыр. КъищынэмыщІауэ, Сонэм адыгэбзэкІэ зэриздзэкІащ мусылъымэн диным теухуа тхылъ, тхыгъэ эшбжанэ.

Лъэпкым, Хэкум, тхыдэм теухуа, сабийхэмэ балигъхэмэ яхуэгъэзэа уэсэ куэд Абдулчэрим и Іэдакъэ къыщІэкІащ. И уэсэ тхылъ эшбжанэ дунеим кьытехьащ: «Дзапэ уэрэд», «Къуалэбзу джэгуакІуэхэр», «ПыІэзэфІэхь зэман», «Іэгу-махуэ, Іэщі-жэщ». ЦІэрыІуэ хьуащ и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэу «Шагъдий», «Къуалэбзу джэгуакІуэхэр», «Налшык парк», «Кьреунэжу зы махуэ», нэгъуэщІхэри.

Очерк, публицистикэ тхыгъэхэр тхынми Сонэр хуэІэкІыгъэльаІкІыщ. Ар Урысей Федерацэм и Журналистхэм, и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр 1998 гъэм кьыфащащ. Зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дакъикъу уэзыншагъэ и куэдрэ и тхыгъэ купщафІэхэмкІэ дигьэгуфІэу псэуну ди гуапэщ.

Щэнхабзэр зи гъуазэ

Сонэ Абдулчэрим лэжьыгъэ ІэнатІэ зэрыІутрэ илъэс 50-м щигъэуащ. Абы щыщу «Нур» журналым редактор къулыкъур щигъэзащІу ар щолажьэ нужьрей илъэсыкІэм, нэгъуэщІ щыщІэмэ, 2006 гъэм и мазаем къыщыщІэдзауэ.

ИЛЪЭС 40-м щигъуауэ къэбэрдей литературэм псэ хъэлэлу хуолажьэ усакІуэ Сонэ Абдулчэрим. А зэманым кьриубыдэу абы зыкьигъэльэгъуащ гъащІэм и жанкІэ пхрыплъыф, щІэр зи унэтІныгъэ, «зи лъагъуэр ёзым ещхьыж» тхакІуэу. Сонэм кьыдигъэкІащ и усыгъэхэр зэрыхуахэр щыхэхуэхьэса тхылъ эшбжанэ, и Іэдакъэщіэкі куэд газетхэмрэ журналхэмрэ тradзащ, цІэрыІуэ хъуа уэрэдхэм ящІэлъ псалъэхэр зэхилъхьащ. Абдулчэрим ящыщу анэдэлъхубзэр щІэблэм яІурытыным псэмыблэжь, ёш жьхуаІэр имыщІэу телажьэ цІыхухэм. Тхылъ тедзапІэм щыщылэжьа илъэсхэм, абы Іэзэу зэхилъхьэри, дунеим кьыриІэжьа ящІэлъ ещанэ классым адыгэбзэр зэрыщащхьи тхылъ.

«Іэгу-махуэ, Іэщі-жэщ» тхылъым щыІэжьхуэхэсащ усакІуэм и кьалэмым кьыщІэкІа тхыгъэ зэхъыдІхэр, «Къуалэбзу джэгуакІуэхэр» зыфІища поэмэри, дунеим кьыриІэнаІуэ ящІ Сонэм ялъэ кьыдигъэкІа тхылъхэм («Дзапэ уэрэд», 1975 гъэ, «ПыІэзэфІэхь зэман», 1988 гъэ) яхилъхьа гурыщІэхэм, поэзиемщІэ гупсысэкІэм хуэпэжу кьыздэнэжар икІи, ар гуапэ зэрыхъущи, псом нэхърэ ар нэхъыщхьэу кьыдолытэ - и Іэзагъым нэхъ зэрызиуэзащІар.

Сонэм и усэхэм я нэхъыбэм философие куу ящІэлъщ. Абы сатырхэм «жьыжьэ Іэбэ кьэухъ» ярет. Усакіуэм кьелъыжьэ кьэралыкІэр ящыкІуэхэмрэ я зэхущытыкІэм хэлъын хуэй пэжагъыр, хэмылъмэ - щыхэмылъым и щхьэусыгъуэр, щыхугъэмрэ напэмрэ дунейр кьызэриухуэрэ зэрызэхьэлІар, а тІур щызэфІэкІуэдым деж жылагъуэ псэуКІэри зэрыбгъунльэр, жылыкъурэ мыпкъуэ нэхъыеринишхэм утыкур зэрагубыдыр.

Жэщым и Іэгу-махуэ,
Махуэм и Іэщі-жэщ,
Хэт зэманыр щІехуэ,
Хэт зэманым ехуэ,
Іэгу-Іэщі зэблэхъуным
ГъащІэр вудыи,
Іэгум кьимыхъуэнур
ІэщІым теззгъэн?

«Совет лъэхъэнэурэ мыгъэрыІуэгъэ, ди нобэурэ гурыІуэгъуэй», - жеІэ усакІуэм. А лъэныкъуэитІым я зэхуакум, «уимыкІ-уимыхьэ» жьхуаІэу, кьыдэна гъащІэм зэІуимобз куэд, зэрыхэлъыр, нэхъыфІым щыгугъ бэм и нэхъыбэм дежкІэ а фІыр. «зэрымафІэцІу» жьыжьэ - Сонэ Абдулчэрим и усыгъэхэм нахуэу, щхьэтечаеу кьыхоуц.

ЦІыхубэм пщІэнтІэпсрэ хьэзыгъэкІэ яуха кьэралыгъэ лъэпщІыр лъэлъэжащ. Абы кьиІащ зыпэмыплІа зэранигъэ ІэджкІ. Иджы «зэхуагъэдалъэу я джатэ, лъэпкъхэм ящжьжыр я тхыдэр» («Тхьэгурымагъуэм и дерсхэр»). Усакіуэр ди дыгъуасэм хуоплъэкІ, гурыІуэгъуейуэ щыІэщытарэ ящжьджеІэ, ауэ абы щІэнакІэркъым.

Ди блэкІа махуэ!
Пхъашэу ущытами,
Гугъэ нэху гурэхэм
дэ дыкъэрихьэкІт.

Сонэми иІэщ лъэхъэнэхэр щызэхьэлІа уэсэ Іэрамэхэр, абыхэм ятелъщ, дэри гу зэрыпытташи, пасэу «Іэпэгъу кьищІа» философием и нэпкъыжьэ. Ар Абдулчэрим и усыгъэхэм ягъуэта, нэгъуэщІым емышІхь лъагъэкІэ адыгэ литературэм кьиІэзэрыхьыа хъэтІщ.

Сонэ Абдулчэрим щагъыбзэ зыщІэлъэ усыгъэми зэрыхуэшэрыуэр кьигъэлъэгъуащ абы и поэмэ «Къуалэбзу джэгуакІуэхэр» жьхуиІэм. А фІэщыгъэращ иІэри усакІуэм и ещанэ тхылъ 1998 гъэм кьыдэкІам. Поэмэр сатирэу тхащ. Аллегорие мардэм йоувэ. Къуалэбзу джэгуакІуэхэм я уэрэд жьІэкІэр кьэзыхутар хьэкІэхъуэкІэхэращ. ГурыІуэгъуэ мэхъу поэмэм и мыхьэнэри и сюжетри щыхуэм я гъащІэм кьыщыхьу-кьыщыщІэхэм, псом хуэмыдэу кьулыкъкІэ лъэкІыныгъэ зиІэхэм, зэрэхьэлІар: щэнхабзэм, литературэм я льагаліэхэр абыхэм я Іуэху елпыкІэм ельэытауэ кьыщІокІ куэдрэ. Таурыхъэу тха поэмэмкІэ усакІуэм ди фІэщ ещІ жыгъэгуэ гъащІэм хабзэр, гъэсэныгъэр, дахагъэр щызэмыгъусэзэ, щэнхабзэри литературэри бгъунльэнкІэ зэрыхъунур.

Гу зыльытта унэтІныныгъэхэм ящыІыгъущ усакІуэ Сонэ Абдулчэрим и адыгэбзэр зэрыкуур, зэрыжьанэр, и сатырхэм гур зэрахьхур, зэдзэкІакІуэфІу зыкъыщзэригъэльгъуар, лирикэ теплъэгъуэхэр, суроут трикам хуэдэу, кьыздрехъуплІэр.

Адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ кьыдокІуэкІ лъэпкъым и гум щигъафІэм хуэфащэ псалъэ ёкІу жьазыІэм щІыхь хуащІу. 1975 гъэм «Дзапэ уэрэд» жиІэу ялъэ кьыдигъэкІа тхылъым ит, уэрэд цІэрыІуэ дыдэу лъэпкъым ноби Іурыльэ, адыгэшым и образыр кьыщыгъэльэгъуэ «Шагъдий» псэм фІэкІа имыхъами, Сонэм а щІыхьыр и лъэпкъэгъуэм я пащхьэ кьыщІохьащ. Абы и шагъдийм зиуэкъудиящ, адыгэбзэм и пщІэр къэзыІэт усыгъэ купщІафІэхэр и фІалъэхэм кьыщІэльэту.

БЖЭНЫКІЭ Мухьэд,
публицист, критик.

И дэтхэнэ сатырри

Езыр щалъхуа и лъахэм, щыпсу, блэкІа, къэкІуэну зэманхэм, нобэ кьыдэнсэу и лъэхъэнэгъуэхэм, льагъуныгъэм, гъащІэм, дунеим... зэрыжаІэщи, укІуэдыж Сонэ Абдулчэрим и кьалэм жаныр зыльэмыІэсыр, и усэхэм зи гугъу щимыщІыр. Хэт зыхунщІыр? Сабийми балигъми! Ар йопсэльыльІэ абыхэм ямыщІэ кьариГъащІэрэ ящІэр щІэщыгъуэ ящищІыжу, щІэрыщІэу пригъэгупсысыжри тегушхуэнигъэ, кьаруущІэ яхильхьэу.

УСАКІУЭ Сонэм и хьэл нэхъыфІ Дыдэхэм щыщщ модэм зригъэхьу, «зыми емыщхьу» тхэн щхьэкІэ зыгъэрыщІ. Ар ящІэлъ ящІэ-щІэ, ящІэ-щІэ, ящІэ-щІэ,

● Зэпеуэхэр

ХьэфIыщIэ Мухьэмэдрэ Инчы Иринэрэ текIуахэр ягъэпажэ.

Анэдэлъхубзэм и пщIэр зыIэтхэр

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальэпеуэм ипкъ иткIэ, БгъэджакIуэхэмрэмкIэ и министерствэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ ильэспIщIым щIигъуаеу ирагъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм зэрыщыхабзэм хуэдэу, ягъэ увыпIэ къэзыкIахэм (адыгэбзэмрэ литературэмкIэ), урысыбзэмрэ литературэмкIэ) саугъэткIэ яхуэупсаш «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд.

ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым кьыбгъэдэкI щIыхь тхылъэмрэ езым яхунэ саугъэтхэмрэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд яриташ «Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ иджырей дерс» унэтIныныгъэм ящэ увыпIэр къыщызыхьа Хьэст ФатIимэт (лицей №1, Нарткъалэ), етIуанэ увыпIэр зыхуагъэфэща Лъэнкlэпlашэ ФатIимэ (курыт школ №1, Малкъ), ещанэ увыпIэр зэдэзыгуэшахэу Мэшыкьуэ Iэсият (курыт школ №2, Сэрмакъ), Къалмыкъ Залинэ (курыт школ №3, Зеикьуэ), Къэзан Людмилэ (Куба дэт курыт школ); «Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ» пэщIадзэ классхэм щата иджырей дерс» унэтIныныгъэм щытекIуа Дыгулыбгъу Лерэ (гdroмназие №4, Бахьсэн), етIуанэ увыпIэр къэзыхьа Мамыхьу ФатIимэ (курыт школ №2, Нарткъалэ), ещанэ увыпIэр зыхуагъэфэща Лыьхьурей Маринэ (курыт школ №2, Нарткъалэ); «Зи бзэ - си дуней» фестиваль-зэпеуэм кьыкIэлыкIуэ и Iыхьэу зэрыщыгъэр.

«ЦIыху 58-м ягъэхьэзыра лэжьагъэ 74-м дыхэпIалъэ, анэдэлъхубзэр езыгъэжьи зэрыщыгъэ псоми ящIарэт жьитIэу куп щIыкIэ куэд кьыхьэIащ, - жиIащ Иринэ. - Мыбы нэфIней хэпIауэ пхуэзыIэнуэкьым, къэпщытэныгъэхэр ткIийуэ екIуэкIащ.

Мы лэжьыгъэхэм сащыкIэлъыплъым сегупсысащ, технологиещIэхэр, адрей дерсхэм кьыхэрэщIащэсэбэпым хуэдэ дыдэу, адыгэбзэмкI епхьалIэ зэррыхьунум, ар зэрызэдгъэхьулIэн Iэмалхэр ди егъэджакIуэхэм зэрарауэзыхъуфынум. Ар кьахуэмыгъэзэрыкъуэну, е анэдэлъхубзэкIэ кьэгъэсэбэпым хуэмышIауэ кьэзыпIыгъэхэм арэзы садэхьуркъым. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, терминологие щымыIэмэ ягъэ кIынкъым, технологиехэм я Iэмалхэр зэбгащIэмэ, ар дерсым кьыщыбгъэсэбэпыфынуц. Абы щхьэхт техуэщ мы эзпеуэм пашэ щыхьуа егъэджакIуэхэр.

КьищынэмыщIауэ, иджыпсту программэщIэ щыIэщ - «КъБР-м зэрыщрагъаджэ щыкIэм 2016 гъэ хьуху зэрыгъуэжьынур». Ар зытещIыхьар иджырей технологиехэр егъэджакIуэм и лэжьыгъэм кьыкIэрыщIагъэсэбэп Iэмалхэр убзыхунырщ. Абы щыщ Iыхьэш тхылъхэр, чэнджэщхэр кьыдэгъэкIыныр. Абы и лъэныкьуэкIэ сэбэнпышхуэ зэ дыдэхэпIуа лэжьыгъэхэр, зыгуэр кьыщIэупщIэжа, хьэзыру я1щIэтIлъхэн лэжьыгъэфIхэр диЗу убж хьунущ. Апхуэдэуи, конференц кьыхэзгъэпэщыныр сфIэигъэщ, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, иджырей егъэджакIуэхэм мардэм кьыхэзгъэпIалъэсэм хуэдэу, технологиещIэхэр кьаръэсфэгъу дерс зэхэзыгъэувэф, зытыф егъэджакIуэхэр щыIэщи, я лэжьыгъэм и пIалъэкIэ адрейхэм ядэгугъэшэныр хьарзынэт».

ТекIуахэр щагъэпэлъапIэ зэIуцIэм и кIэухым Емуз Нинэ кьыхигъэщащ зэпеуэм хэтахэм зэфIэкI хьарзынэхэр кьыхэзгъэгъэльэгъуар, абыхэм фIым я нэхьыфIыр кьыхэзгъэкIыжащ. Институтым и унафэщIыр псоми ехуэхьурн, бзэм и лэжьакIуэхэм я Iэнатlэм щаIэ Iэзагъым зэрыхагъэхьуар кьыхигъэщащ.

ЗэIуцIэр зохуащIыжащ бзэм цIыхум дежкIэ иIэ мыхьэнэм, абы и лъабжьэр жьыжь кьыхэзгъэщежьэм, икIуну гъуэгур ар зыIурыIь пIэлкIым, зэрелъытам, уи бзэр умыщIэжьныр зэрытхьэмыщIкIагъэм Шыгъушэ Хьэбас триуухуа тхыгъэм щыщ псалъэ купщIафIэхэмкIэ.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтыр тезыхар **КЪАРЕЙ Элинэщ.**

ТхакIуэ цIэрыIуэхэмрэ узэщIакIуэхэмрэ

Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм щекIуэкIащ XIX-XX лIэщIыгъуэхэм псэуа узэщIакIуэхэмрэ ядыгэ, зэлъкьэр, урыс классикхэмрэ я сурэтхэм хуэхъа пшых.

ЗЭХЬIХЬЭР къыщызэIуихым, библиотекэм и унафэщI Емуз Анатолэ ихьэгъэщащ и жэрдэмыр и лэжьакIуэ псоми кьызэрыдаIыгъар икIи а Iуэхур гъэпэщыным мыгъэкIуэнуэ зэрытекIуэдар. КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Темыркан Геннадий языныкIуэ сурэтхэр щIэрыщIэу щигъэхьэзырыжьым, адрейхэр зыхуей щыхуигъэзэжьым, «Синдика» фирмэр, «Бум-Банк» кьэзыгъэ Iэнатlэм и унафэщI, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Ажахъуэ Кьанщэбий, Бизнесымкlэ институтым и ректор Хьурей Феликс, КъБР-м IуэхущIапIэмкIэ щIыкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ Деваев Рэмзэан, УФ-м и коммунист партым и республикэ кьудамэм и рескомым и унафэщI ЩIыхьалы Заирэт, «Хьэлэз завод», «Русь», «Кьэббалькъпродормост» ОАО-хэм я унафэщIхэу Кьудалы Мухьэмэд, Сэкрэк Владимир, Е3дэч Мухьэмэд, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Кьуэлуфэ Хьэчим, абы и къуэдзэ Созаев Ахъмэт, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ ТхьэзэпIэ Хьэсэн, усакIуэ цIэрыIуэ Кьэжэр Петр, филологие щIэныгъэхэм я докторхэу, профессорхэу Эфендиев Сэлихь, Смирновэ Наталье сымэ Емузым псалъэ гуапэхэр яхужиIащ. Абыхэм хуагъэфэщащ Пьэтлъ библиотекэм щIыхь зиI э и щIэджыкIакIуэ цIэр.

- XVIII лIэщIыгъуэм и кIэухэм урыс литературэм кьыхьыхьащ иджырей урысбзэм и кьыхэзгъэпэщакIуэ, дунейм пошIыгъэрыуэ усакIуэ Пушкин Александр. А зэманырщ щыпсэуар япэ азбукэмрэ адыгэбзэ грамматикэмрэ зэхэзэIыльхьэн лэжьыгъэфIхэр диЗу убж хьунущ. Апхуэдэуи, конференц кьыхэзгъэпэщынырщ сфIэигъэщ, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, иджырей егъэджакIуэхэм мардэм кьыхэзгъэпIалъэсэм хуэдэу, технологиещIэхэр кьаръэсфэгъу дерс зэхэзыгъэувэф, зытыф егъэджакIуэхэр щыIэщи, я лэжьыгъэм и пIалъэкIэ адрейхэм ядэгугъэшэныр хьарзынэт».

ТекIуахэр щагъэпэлъапIэ зэIуцIэм и кIэухым Емуз Нинэ кьыхигъэщащ зэпеуэм хэтахэм зэфIэкI хьарзынэхэр кьыхэзгъэгъэльэгъуар, абыхэм фIым я нэхьыфIыр кьыхэзгъэкIыжащ. Институтым и унафэщIыр псоми ехуэхьурн, бзэм и лэжьакIуэхэм я Iэнатlэм щаIэ Iэзагъым зэрыхагъэхьуар кьыхигъэщащ.

ЗэIуцIэр зохуащIыжащ бзэм цIыхум дежкIэ иIэ мыхьэнэм, абы и лъабжьэр жьыжь кьыхэзгъэщежьэм, икIуну гъуэгур ар зыIурыIь пIэлкIым, зэрелъытам, уи бзэр умыщIэжьныр зэрытхьэмыщIкIагъэм Шыгъушэ Хьэбас триуухуа тхыгъэм щыщ псалъэ купщIафIэхэмкIэ.

- Дуней дахэм лъэ быдэкIэ хэбэкьуэжа цIыхум кьыбгъэдэкI псалъэ гуапэхэр зэхэпхьныр уасэншэщ, - жеIэ езы докутыр щыпсэм.

Апхуэдэ псалъэхэр Щэрдан Нодар хуэфащэ дыдэщ. Докутыр Iэзэр сэбэп зыхуэхъуа, «узыншагъэкIэ» зэдже насып лъапIэр тыпъэ зыхуищIыжа сымаджэхэм, абыхэм я унагъуэхэм, Iыхьлыхьэм кьабгъэдэкIыу докутыр хуэхъуэхъу а фIыгъуэ мыпытыятIэкIэ хуэныкъуэхэм иджыри куэдрэ ихуэупсэу, езыри узыншэу и Iэнатlэм куэдрэ зэрытыну.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.



Щэрдан Нодар

● ФIыщIэ

Гуми псэми дыхьэ докутыр

ЩIэуэ зыри кьыззэIусхьыкъым: цIыхум узыншагъэ иIэмэ, псори иIэщ. Араш мыгъкур. Ар тхуахъуэмэ, сэкъат игъуэтмэ, тхуузэфIагъэувэжь докутырхэм. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм яхэтщ пщIэ зыныкIа а Iэнатlэм зэрыгъэзэжьрэ, ауэ, ди насыпщи, абы кьыхуатхъуауэ зыхужьпIэ хъунуэжь куэдкIэ нэхъыбэщ.

СИ ТХЫГЪЭ мащIэм кьинубыду псалъэ гуапэ куэд хужьысIэнут сымаджэм нгуми и псэми дыхьэ докутыр Iэзэ, цIыху гуапэ икIи щабэ Щэрдан Нодар. Налшыб дэт кардиологие центрым и докутыр нэхъыщхьэ, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щIыхь зиI э и докутыр Щэрданыр ныкъуэ 28-м нэсауэ хьэлэту пэрытщ докутыр Iэнатlэм. Зыкъым, тIукъым, щэми кьыщыынэркъым абы ажалым кьыIэщIыхьа цIыхухэм я бжыгъэр. Абыхэм яхэтщ лIа пэпъытэу кьыгъэхъухьажэрэ мазэ, ильэс бжыгъэкIэ елIалIэу я гум бэуэгъэ, Iэпкъытэпкъым псэхугъуэ зритыжьахэри.

- Дуней дахэм лъэ быдэкIэ хэбэкьуэжа цIыхум кьыбгъэдэкI псалъэ гуапэхэр зэхэпхьныр уасэншэщ, - жеIэ езы докутыр щыпсэм.

Апхуэдэ псалъэхэр Щэрдан Нодар хуэфащэ дыдэщ. Докутыр Iэзэр сэбэп зыхуэхъуа, «узыншагъэкIэ» зэдже насып лъапIэр тыпъэ зыхуищIыжа сымаджэхэм, абыхэм я унагъуэхэм, Iыхьлыхьэм кьабгъэдэкIыу докутыр хуэхъуэхъу а фIыгъуэ мыпытыятIэкIэ хуэныкъуэхэм иджыри куэдрэ ихуэупсэу, езыри узыншэу и Iэнатlэм куэдрэ зэрытыну.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

● Футбол

Аргуэру щIадзэж

Урысей Федерацэм футбольымкIэ и премьер-лигэм дыдыхьэкIуэ и пэщIэдзэкIэ щIэныгъэжьну и зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыи «Спартак-Налшыкым» ихуащ. Иужьу абы зэныбжьэгъуитIу зэIуцIэ дригъэкIуэкIащ Украинэм и «Севастополь» командэм.

ЗЫЩIЫщ къэралхэм я командэ кьыхэхахэм ираджа Джудович, Захирович, Мкоян, Чеботару, Иванович сымэ хэмыту «Спартак-Налшыкым» мы зэIуцIэр иригъэкIуэкIащ. Абы щхьэкIэ кьэмынэу, ди щIалэхэм хьарзынэу зыкъагъэзэгъэгъащ.

Дзэгуэ и пэщIэдзэ зэхьэзэнэм тепщэныгъэр налшыкдэсхэм яубыдащ икIи бжыгъэр кьызэIуахьыну Iэмал гъуэгуэдэж зыбжанэ яIащ. Аргуэру зэхуэдэ щIыкIэм хуэдэу, «Севастополь»-м и япэ ебгъэрыкIуэныгъэм ехьулIэныгъэ кьыхуихьащ.

Апхуэдэ щIэщхьэм «Спартак-Налшыкым» и лъэр щIигъэхуакъым икIи загъэнэхуу кьихьэжа нэужь, абы хэтхэр нэхъ ерыщыжу ипэкIэ кIуэтащ. Ар, дауи, пщIэншэу кIуэдакъым. Япэ щыкIэ Даниэль бжыгъэр зэхуэдэ щIыжащ. Аргуэру дакъикъитIдкIри, Болэ Руслан налшыкдэсхэр япэ иригъащ.

Ди щIалэхэр а Iуэхугъуэм щыгугъыIыкIыну хуэзэгъэкIыным, бжыгъэр зэхуэдэ щIыхьужам. Мис ар абыхэм нэхъ зыхащIащ икIи ящIыну аргуэру зы топ кьыхудагъэкIыжри, джэгур 2:3-уэ фIащэхуащ.

«Спартак-Налшыкым» хэту а махуэм джэгущ Фредриксон, Аравинш, Куликовыр, Овсиенкэ, Хьэгушыр, Голич, Гъэщэкьуэр, Фоминыр, Скверпюк, Даниэль, Болэр. ИужькIэ зIуцIэм кьыхьхащ Будаковыр, Балэр, Митришевыр, Сирадзе, Багаевыр.

Зыгъэсэн яуха пэтми, ди щIалэхэр иджыри Тырхум кьэнащ. Абы икIынуэрэ ахэр Новгород Ищхьэрэ кIуэнущ, щIэныдзэж Урысей чемпионатым ипкъ иткIэ, гъатхэпэм и 3-м щIыпIэ «Волгаэ»-м деджэгуну.

ХЬЭТАУ Исльам.

Кьэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэхэр, адыгэбзэ кьудамэм щIидзэжэр филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, кафедрэм и унафэщI ТIымыжь Хьэмыщэ Тэркъан и кьуэдзэ **Хьэчим Аннэ** и **кьуэрылъку цIыкIу** Идар **дунейм зэрехьажам папщIэ.** ПIэфэхьэт Тхьэм фыхунщI.

ЦIыхухъу нэсым и къалэн

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ, полиицэм и генерал-майор Васильев Сергей Урысей ДОСААФ-м и республикэ кьудамэм и егъэпIэхэм я курсантхэм Нарткъалэ щаIуэщIащ.

НЫБЖЬЫщIи 100-м щIигъум дзэ Iэщlагъэм зэрыхуэIэрыхуэр щIыпIэ автомобиль школым и учыкум щагъэлъэгъуащ. Iэщ1 гъэуэным, пьэпощхьопохэр кьыщынэкIыным, транспорт зегъэкIуэным техууа дерсхэр абыхэм ядригъэжкIащ ДОСААФ-м и щIыналъэ кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэ Мацlыхъу Хьусен.

- Уи къэралыр щытыкIэ гугъуэм щитым дежа абы и сэбэп зыхэлъхэр хьэмэным упэрыувэным нэхъ пщIэ лъагэ щыIэкъым. Фэ кьыхэфхащ армэм кьулыкъу щыщIэныр, дзэ Iэщlагъэ зэгъэзыгъэтынир - ар щIы-хухьу нэсым кьыхих унэтIныныгъэщ, - жяриIащ Васильев Сергей курсантхэм.

Урысей ДОСААФ-м и щIыналъэ кьудамэм и унафэщI Iэщlын Юрэ зэрыхьадАмэ, ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI здынэсыр ягъэлъагъэу зыхьумэжыныгъэм техуауэ Къэбэрдей-Балькъэрым щызэхахьа мазэ дэжьыгъэм ипкъ иткIэ. ДОСААФ-м и Iуэхущlапlэхэм дзэ къулыкъум хуагъэхьэзырыну зи армэ дэкIыгъэ ныбжьыщIэу 800-м щIигъу. Абыхэм я процент 80-м дзэ къулыкъу нэужьым къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ Iэнатlэм къалэным щыпащфынуц. Утым щиувыкIа ныбжьыщIэхэм я нэхьыбэм я гъащIэр полицэм папщIэну эрамурадри кьыхигъэщащ.

Къэзэрыуэблагъэм папщIэ Iэщlын Юрэ министрым фIыщIэ хуищIащ икIи ДОСААФ-р илъэс 85-рэ зэрыкIыгъэр техуауа юбилей медаль иригащ.

Программэм и япэ Iыхьэр зэфIэкIа нэужь, республикэм и ДОСААФ-м и унафэщIэхэм къэралкIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэм щыгъуэу щIалэгъуалэр армэм, хабзэхьумэ Iэнатlэхэм кьудакъу щащIэным хуэгъэхьэзырыным аджкIэ зэрыгъэгъуэжьным тепсэлъыхьащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Бгы задэхэр зи зекIуапIэхэр

Iуащхьэмахуэ лъапэ мы махуэхэм щыIэзэхтащ лыжэрэ сноубордкIэ джабэ нэкIу нэхъ гугъуэхэм кьежэхыныр зыхихубыдэ фрирайдэ спорт лIэужьыгъуэщIэмкIэ Урысейпсо чемпионат. Бгы задэхэм зепщыгъыным дихьэх спортсменхэм я урысей зэпеуэр ягъэщекIуэкIар 2000 гъэращ.

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэзэхуэр ирыригъэхьэлIащ мазаем и 23-м. Хэкум и хьумакIуэм и махуэм. Къэбэрдей-Балькъэрым и гупым нэмыщI, зэпеуэм хэтащ Къэрэшей-Шэрджэсым, Сочэ, Къэзан, Уфа, Челябинск, Самарэ, Мэскуу, Санкт-Петербург къалэхэм къикIа цIыху 50-м нэблагъэ.

Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм хэтын папщIэ бгым лыжэкIэ фIыуэ укъежэхыфу, альпинист Iэщlагъэмэ зэпщIыкIыу ущытын хуейщ. ЩIалэгъуалэм я гум дыхьэ зэхьэзэхуэр нэхъ гугъу дыдэхэр щебгъэкIуэкIыну Iащхьэмахуэ и джабэ нэкIуэм хуэбгъэдэн щымыIэу кьалъытэ.

Бгым кьежэххэм я Iэзагъэр къэзыщIыгъэ гупыр фрирайд спорт зэхьэзэхуэхэм дихьэххэм куэд щIауэ фIыуэ кьацIыху ди республикэм щыщ спортсменхэу Хрячков Геннадий, Пауль Пизэ, Анисимов Кирилл, Шаваев Мухътар, Байдаевкъ Александрэ Альбертрэ сымэт. Зэхьэзэхуэхэр кьызэрагъэпэщащ Фрирайдымкlэ Урысей ассоциацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Бгы лъэхъэ спортымрэ сноубордымкIэ и федерацэмрэ. Абыхэм мылькукIэ зыкъыщIагъэкъуэщ фрирайдым дихьэх, ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ хьэрычэтыщIэхэм.

Зэхьэзэхуэм кьыщыхэжанэкIахэр кьызэрапытэр спортсменхэм кьапэщыль гъуэгуанэр зэракIу зэманым и закъуэкIэкъым, атIэ кьыхаха лъагъуэм и дахагъэм, кIуэрыкIуэм тету зыхуэзэ мывэхэм зэрелъэм, я IэпкълъапкIэ зэрыхэзгъэIуэфым, кьинэмыщIэмэ тращIыхьырт.

Ди республикэм щыщ жрэнлистхэм зэхьэзэхуэм хэтахэм защIыхуэдгъаэзм, илъэс 20 зи ныбжь щащIэм адыгэбзэкIэ зыкъыдигъэщIыхуащ: «Сэ Домбай кьикIа гупым сащыщщ, си унэцIэр Токъубейщ, си цIэр ФатIимэщ», - жиIэри. «Адыгэ пщащэр дауэ уакъыхэхуа мыбыхэм?» - щыжетIэм, абы жэуапу кьыдитащ: «Къэрэшей-Шэрджэсым кьикIа спортсменхэм сахэтщ. Адыгэ унагъуитху дыхьэу Домбай дыщопсэу, анэдэлъхубзэри си адэ-анэм сагъэIащ».

Фрирайдымкlэ дуней псом кьыщыхэжанэкIа спортсменхэм я деж 5-нэ увыпIэр щыIэныгъэ, ди республикэм щыщ Хрячков Геннадий журналистхэм кьызэрыжиIащ, мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр гъэ кьэси ди щIыпIэхэм зэрагъэкIуэкIыну я гугъат, арщхьэкIэ щхьэусыгъуэ зыбжанэм кьыхэкIкIэ кьаймыхьэлIэу кьэнащ. Дяпэкlэ кьызэрагъэпэщыну зэпеуэхэм гуп кьэбзэк кьыхаха-фIыгъуэ. Абы кьыдэкIуэри, гъэ кьаклуэ фрирайдымкlэ зэхьэзэхуэхэр ди республикэми Домбай щIыпIэми щагъэкIуэкIыну я мурадщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.



жиIэри. «Адыгэ пщащэр дауэ уакъыхэхуа мыбыхэм?» - щыжетIэм, абы жэуапу кьыдитащ: «Къэрэшей-Шэрджэсым кьикIа спортсменхэм сахэтщ. Адыгэ унагъуитху дыхьэу Домбай дыщопсэу, анэдэлъхубзэри си адэ-анэм сагъэIащ».

Фрирайдымкlэ дуней псом кьыщыхэжанэкIа спортсменхэм я деж 5-нэ увыпIэр щыIэныгъэ, ди республикэм щыщ Хрячков Геннадий журналистхэм кьызэрыжиIащ, мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр гъэ кьэси ди щIыпIэхэм зэрагъэкIуэкIыну я гугъат, арщхьэкIэ щхьэусыгъуэ зыбжанэм кьыхэкIкIэ кьаймыхьэлIэу кьэнащ. Дяпэкlэ кьызэрагъэпэщыну зэпеуэхэм гуп кьэбзэк кьыхаха-фIыгъуэ. Абы кьыдэкIуэри, гъэ кьаклуэ фрирайдымкlэ зэхьэзэхуэхэр ди республикэми Домбай щIыпIэми щагъэкIуэкIыну я мурадщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIыщIэ Мухьэмэд

РЕДАКIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьэкIэмыкьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маринэ, Хьжькьаэр Алик.**

КьыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхущlапlэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехьэм ящIу ящIа яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хьумэныжьмкIэ Кьэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №II-0065-м щIэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елъэкIыжащ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ **Къаншокьуэ Эллэ, редактору ГъущIо Зариф, корректорэу Щоджэн Заирэ** (*2, 3-нэ нап.*), **Щоджэн Инна** (*1, 4-нэ нап.*), ***корректорэм я дэIэпыкъуэгъу*** **Мыръжьан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елъэжар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щыIэныгъэм папщIэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.960 ● Заказ №570